

**SABABARAH  
NASEHAT  
TINA QURAN SURAT AL-HUDJUROT**

*Disusun ku:*

**K.H.E. ABDURRAHMAN**

*: Tercipta oleh : S. Tenggiti*

*"A D I D A"*

*Bantingku*

*Diterbitkan ku:*

**CORPS MUBALLIGH BANDUNG**

*1971*

## EUSINA:

1. ULAH KOKOLOT BEGOG
  2. ULAH SONGONG BELENGONG
  3. ULAH GARAWAK-GOROWOK
  4. ULAH TAQLID TAPI KUDU TALITI
  5. ULAH BABANTU BURUNG, SOSOROH GELO
  6. PANJAKIT NU MAWA BEREWIT
  7. IMAN KUDU DJEUNG PRAKNA
- 

Kat

## ■ PANGDJADJAP

Ku para Shahbat, surat  
Al-Hudjurat sok disebat  
ataupi dilandi surat:  
"Al-Muaddibah", harto na  
"Pendidikan"; tegesna Nu  
nqadidik, Nu pinuh, ku-  
piwuruk, ziwedjang, pepe  
ling sareng noko papa-  
ker agama.

Ku marai eta, katjida ta  
jakna dijadi bahatsan sc  
rèng bahan utama para  
Muwalligh sereng Rebct-  
light.-

NU NJUSUN

تفسیر القرآن  
سورة الحجارة

## ULAH KOKOLOT BEGOG

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ  
 يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا لَا تَقْدِمُوا بَيْنَ يَدَيِ  
 اللَّهِ وَلَا تَرْكُوْلَهُ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ  
 سَمِيعٌ عَلَيْهِ •

Kalajan asma Ulah Anu Maha Purah sareng  
teman.

He djalma2 anu beriman!

Poma maraneh arek majunan Allah djeung Ra-  
sulNa;

Serta maraneh wajib kudu taqwa ka Allah  
sestuna Allah eta anu Maha Ngarungu sa-  
reng Maha Uninga".

## KADJADIAN ANU PATALI DJEUNG TURUNNA IEU AJAT

'Abdu 'llah bin azZubair njaurkeun  
kieu:

"Parantos dongkap ka Rasûlu 'llah hi  
dji romongan ti Banî Tamim, saladjeng  
na Abû Bakar njaurkeun: "Alqa'qa bin  
Mabad angkat djadi pamingpin (Amir)!".  
Ladjeung 'Umar njaurkeun: "Al Aqra'bin  
Habis angkat djadi pamingpin!".

Abu Bakar ngawaler: "Andjeun mah teu  
mikarep anging sangkan teu saluju!" Sa-  
ur 'Umar: "Teu pisân-pisan!" saladjeng  
na djadi adu renjom, sarta sorana pata-  
rik-tarik".

Patali sareng ieu kadjadian, maka  
turun ajat anu tadi, ajat ka-l tina su-  
rat alHudjurât, ngageuing sangkán anu  
siga kitu ulah kadjadian deui dikalang  
an ummat Islam, njaeta njanjahoanan,  
kokolot begog, bertindak luar wewenang,  
majunan katetepan anu bakal ditetep-  
keun ku pamingpin, njaeta Allah djeung  
RasulNa.

"Lâ tuqaddimû baina jadaji 'llâhi-  
wa Rasûlihi", maksudna ulah njanjahoan-  
an, padahal lain wewenang maneh, la-  
in tugas maneh.

"AzZamachsjari dina Asâsu 'lBala-  
ghah 2:235, nerangkeun:

"Fulânun jataqaddamu baina jadaji a  
bihi, idzâ 'adjala'l-Amro awi'nNahja dû  
nahu".

"Si Anu "jataqaddamu baina jadai" ba-  
pana, hartina, gagantjangan (gurung gu-  
suh) miheulaan bapana nibankeun paren-  
tah atawa larangan, samemeh bapana".

Dina sjarah azZamachsjari (T.538) :  
"Lâ ta'malu 'amalan dûna an tatabajja-  
nu hukma'llâhi wa Rasûlihi".

Poma maneh rek migawe hidji 'mal tan  
pa nalungtik neangan dalil djeung kate  
rangan hukum Allah djeung RasulNa"

Saur Ibnu 'Abbas:

لَا تَقُولُوا خَلَاقَ الْكِتَابِ وَالسَّنَّةِ

"Lâ taqûlu chilâfa 'lKitâbi wa'sSun-  
natî".

"Poma maneh rek njaritakeun anu teu  
mekprok djeung Qur'an sarta Sunnah Nabi".

"La tuqaddimu" teh kudu boga maf-  
ul. Pègesna dina urusan naon ummat Is-  
lam teu meunang kokolot begog teh? Ti-  
na urusan naon ummat Islam teu meu-  
nang njanjahoanan teh? Dina eta ajat  
ngahadja teu ditulis; Dina 'ilmu bala-  
ghah, kaajaan siga kitu "li 'l-'Umum", te-  
gesna "teu meunang njanjahoanan, koko  
lot begog teh kum umum dina sagala

urusan, anu ngeunaan hukum agama".

Tjindekma deui, teu tjukup ku ngaku iman, tapi kudu djeung bukti tha'-  
at, hartina nurut parentah, sarta na-  
on hartina tha'at lamun migawe bari pa-  
rentahna teu aja. Anu kitu dina uru-  
san 'ibadah mah lain tha'at, tapi bid-  
'ah, njanjahoanan, majunan, migawe per-  
kara luar wewenang.

Sajjidina 'Umar, ngaraos teu sugema,  
waktos Rasûlu 'llah ngajakeun per-  
djangdjian perdamaian djeung urang Qu-  
raisj di Hudaibijjah, sabab siga Is-  
lam ngelehan maneh.

Diantarana, dina eta perdjangdji-  
an, teu disebut Muhammad Rasûlu 'llah,  
tapi Muhammad bin 'Abdi 'llah. Didi-  
nja didjelaskeun deuih, lamun aja mu-  
hadjirin ti Madinah ka Mekkah, teu  
aja hak balik deui, dipandang kebo mu-  
lih pakandangan. Sedengkeun lamun aja  
lalaki urang Mekkah hidjrah ka Madi-  
nah, eta kudu dipulangkeun.

Naskah perdamaian anu sarupa eta di-  
satudjuan ku Rasûlu 'llah. Sajjidina  
'Umar ningal perdjangdjian anu saru-  
pa kitu kirang sugema atawa tjangtjaja.

Harita Rasûlu 'llah njaurkeun :

"Saestuna kula Hamba Allâh sarta

■ BAHAN UTAMA NU LI  
ANGGO NJUSUN IEU TAF  
STR: \*\*\*\*\*

1. *Tafsir Al-Maraghi,*
  2. *Tafsir Ahmad Ruzh-  
hir 'Azhamah* \*\*\*\*\*
- 

Pertjetakan Stencil:



"F A R I D A"

Bandung.